



Pou Piblikasyon Imedya: 25/07/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE APEPRÈ 7 MILYON DOLA YO BAY POU VIKTIM DISKRIMINASYON YO

*Konpansasyon total nan ane fiskal 2023 a se pi wo nivo Eta New York te garanti nan sis dènye ane yo*

*Plis pase 1,000 Nouyòkè atravè Eta a te founi domaj monetè ak konpansasyon*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Divizyon Dwa Moun (Division of Human Rights, DHR) Eta New York te bay apeprè 7 milyon dola nan konpansasyon nan ane fiskal 2023 pou plis pase 1,000 viktim diskriminasyon nan travay, lojman ak akomodasyon piblik. Sòm sa a reprezante pi gwo konpansasyon total nan sis ane ki sot pase yo, yon ogmantasyon 7.4 pousan pa rapò ak ane fiskal 2022, ak yon ogmantasyon 26.8 pousan pa rapò ak ane fiskal 2019 anvan pandemi. Anplis de sa, Divizyon an te bay 269,000 dola nan amann kont anplwayè, founisè lojman, ak biznis pou pratik ak règleman diskriminatwa.

"Sekirize finansman sa a ranfòse efò nou yo pou ede viktim yo chèche jistis yo merite a epi fè New York yon eta ki pi an sekirite pou tout moun", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Anplwayè san pitye yo, founisè lojman yo, ak biznis yo dwe konsidere kòm responsab pou pratik diskriminatwa yo, epi viktim diskriminasyon yo merite pou yo santi yo tande ak wè yo".

**Komisè Divizyon Dwa Moun lan, Maria Imperial, te deklare,** "Dapre Lwa sou Dwa Moun Eta nou an, chak Nouyòkè gen opòtinite egal pou yo jwi yon lavi konplè ak pwodikatif. Lè diskriminasyon rive - swa nan lojman, edikasyon oswa travay - yo retire dwa ak opòtinite yo. Antanke ajans ki fè respekte Lwa sou Dwa Moun eta nou an, n ap kontinye bay piblik la pouvwa atravè kontak edikatif epi n ap itilize tout zouti nou genyen pou nou asire yo trete chak Nouyòkè legalman ak san patipri".

Divizyon an se ajans ki responsab pou fè respekte Lwa sou Dwa Moun Eta a ak mennen ankèt sou plent diskriminasyon Nouyòkè yo depoze. Anplis investigasyon yo, Divizyon an gen otorite pou l enpoze amann epi jwenn domaj monetè pou moun ke dwa yo dapre Lwa sou Dwa Moun eta a te vyole. Divizyon an ka negosye lòt solisyon tou, tankou chanjman nan règleman, fòmasyon, ak modifikasyon pou aksè. Kòm rezilta

travay Divizyon an pandan ane fiskal pase a, yon total 1,012 viktim te resevwa 6.7 milyon dola nan domaj monetè ak konpansasyon.

Egzanp ka yo gen ladan:

- Yon vandè nan yon konpayi kamyon ak lojistik Long Island te resevwa 24,435 dola apre yo te jwenn li te sibi diskriminasyon poutèt laj. Anplwayè a te fè presyon sou li pou li pran retrèt bonè, li te fè kòmantè denigre sou kapasite li pou aprann akòz laj li, epi finalman ranplase l pa yon anplwaye ki pi jèn pandan yon restriktirasyon. Divizyon an te enpoze tou yon amann sivil 10,000 dola bay konpayi an.
- Yon fanm Rochester ki te travay kòm jadinnyè nan yon izin elektrik te deklare ke li te sibi diskriminasyon ak revokasyon akòz sèks li ak andikap li. Moun ki pote plent lan te pretann ke konpayi li a t ap chèche ranplase fanm jadinnyè pa travayè gason, epi sa te fòse l kite travay la lè li te refize adapte restriksyon pou leve bagay akòz yon pwoblèm do. Plent lan te regle pou yon montan 120,000 dola.
- Yon nonm Long Island ki te travay kòm manadjè nan yon konpayi lojistik ak ekspedisyon te deklare ke li te fè fas a diskriminasyon ak asèlman paske li se Afwo-Ameriken, yon rezèvis lame, epi li te soufri twoub estrès pòs-twomatik. Moun ki pote plent lan te afime ke li te rapòte move konduit sibòdone yo, epi yo te revoke l kòm rezilta rapò li a alòske yo pa t revoke lòt manadjè blan yo. Plent lan te rezoud nan yon akò 46,000 dola.
- Yon nonm Queens k ap viv nan yon bilding apatman te afime ke mèt kay li a te refize l opòtinite pou l kenbe yon chen sipò emosyonèl epi li te eseye mete l deyò, malgre li te bay dokiman yon pwofesyonèl medikal sou bezwen li pou aranjanman sa a. Plent lan te regle pou 19,000 dola.

Gen yon repatisyon tout ka DHR te rezoud nan ane fiskal 2023 pa rejyon ak konpansasyon ki anba a:

Rejyon	Kantite Plent	Kompansasyon
Capital Region	44	\$324,734.75
Central NY	79	\$612,046.69
Finger Lakes	148	\$1,322,496.36
Hudson Valley	87	\$562,531.76
Long Island	139	\$690,595
Mohawk Valley	23	\$157,900
New York City	299	\$1,805,061.44
North Country	20	\$83,303.82
Southern Tier	31	\$152,131.58
Western NY	142	\$997,208.67

Lwa sou Dwa Moun Eta New York la entèdi diskriminasyon nan lojman, travay, edikasyon, kredi, ak plas akomodasyon piblik, pami lòt zòn nan jiridiksyon, ki baze sou laj, ras, kwayans, koulè, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite oswa ekspresyon seksyèl,

orijin nasyonal, estati militè, andikap, kondisyon ki gen rapò ak gwosès, estati viktim vyolans domestik, estati famiyal, oswa nenpòt lòt klas ki pwoteje.

New York fyè pou l se premye eta nan nasyon an ki te adopte yon Lwa sou Dwa Moun, ki bay chak sitwayen yon opòtinite egal pou yo jwi yon lavi ki plen ak pwodiktif. Divizyon Dwa Imen Eta New York la se ajans ki anchaj pou fè respekte lwa sa a. Nouyòkè ki te sibi diskriminasyon kapab pote plent nan DHR sou entènèt, pa lapòs, oswa an pèsòn. Pou plis enfòmasyon sou lwa a ak travay ajans lan, ale sou sitwèb Divizyon Dwa Moun lan nan [www.dhr.ny.gov](http://www.dhr.ny.gov) oswa rele [1-888-392-3644](tel:1-888-392-3644).

###

Lòt nouvel disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)